



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A POU PWOLONJE RÈGLEMANTASYON KI EGZIJE KONPAYI ASIRANS SANTE YO ANILE KO-PÈMAN POU VAKSEN COVID-19 LA JISKA 30 AVRIL

Lèt DFS pibliye bay Konpayi Asirans yo disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) jodi a pou pwolonje [règlemantasyon ijans](#) ki egzije konpayi asirans yo anile ko-pèman pou vaksen COVID-19 la jiska 30 avril. Pwolongasyon règlemantasyon ak gid sa ap ede asire ke pa gen baryè pou Nouyòkè yo gen aksè nan vaksen an pandan Eta a kontinye ap aplike plan administrasyon vaksen li an epi vaksinen chak Nouyòkè.

"Nou konnen vaksen an se zam k ap genyen lagè kont COVID la e n ap fè tout sa nou kapab pou bay plis vaksen nan bra yo pi rapid ke posib epi tounen premye eta ki san COVID nan peyi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Depi kòmansman efò vaksinasyon nou yo nou te priyore kominote ki vilnerab yo ki te frape pi di pa COVID la, e lè nou pwolonje règlemantasyon sa, n ap brize baryè pou aksè a pi plis epi ede asire ke yo pa refize okenn Nouyòkè yon vaksen sèlman paske yo pa ka peye li."

Règlemantasyon an ki te premye soti 16 desanm 2020, egzije yon politik oswa kontra ki bay kouvèti pou lopital, operasyon oswa swen medikal, ki enkli yon plan sante ki gen dwa, pou bay kouvèti imedyat, san pataj depans, vaksen COVID-19 ak administrasyon nan yon biwo founisè, etablisman, famasi, oswa lòt kad, ki enkli tout founisè oswa espas Eta New York oswa gouvènman federal la otorize pou administre oswa akeyi distribisyon vaksen an.

Depatman Sèvis Finansye Eta New York la te voye anvan tou yon [lèt sikilè](#) bay konpayi asirans sante ke New York reglemante yo kote li òdone yo pou yo kouvri imedyatman, san ko-pèman, vaksen COVID-19 ki apwouve yo ansanm ak distribisyon yo.

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "DFS te anfas viris sa depi premye ka a lè li bay alèjman règlemantasyon finansye pou Nouyòkè ak biznis atravè eta a. Li pi enpòtan ke jamè pou vaksinen pandan New York kontinye ap rekonstui, se poutèt sa DFS ap pwolonje règlemantasyon an pou egzije konpayi asirans sante New York yo anile ko-pèman pou vaksen COVID-19 la. Nou kwè tout Nouyòkè ta dwe gen aksè nan vaksen an san chaj finansye ko-pèman an".

Règleman federal yo egzije tou pou yo kouvri vaksen COVID-19 yo ak distribisyon yo a lè founisè ki pa nan rezo yo bay yo pandan tout dire ijans sante piblik la. Founisè swen sante ki patisipe nan [Pwogram Vaksinasyon COVID-19 Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi \(Center for Disease Control \(CDC\) COVID-19 Vaccination Program\)](#) a dwe dakò pou administre yon vaksen COVID-19 kèlkeswa kapasite moun lan pou peye oswa sitiyasyon kouvèti asirans sante li, epi yo pa dwe chèche ranbousman nan men benefisyè vaksen an.

DFS la mande respè total pou egzijans Eta a ak federal yo pou kouvèti nenpòt vaksen COVID-19 ak distribisyon li a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)